



**Règleman Chanselye A-101 — Dokiman siplémentè No. 6
KESYONÈ SOU LOJMAN**

Paran/Responsab/Elèv

Fòm sa a la pou konsidere Lwa McKinney-Vento 42 U.S.C. 11435, epi yo dwe ranpli l pou chak elèv.
Enfòmasyon w bay yo rete konfidansyèl. Yo pa p fè okenn diskriminasyon kont pitit ou a akoz enfòmasyon w ap bay yo.

Tanpri reponn kesyon sa yo konsènan kay kote elèv la rete a pou yo ka deside ki sèvis elèv la ta ka kalifye pou resevwa.

Remak pou lekòl yo/Lyezon nan lojman pou ti bout tan: Tanpri ede elèv ak fanmi yo ranpli fòm sa a. Pa sèlman mete fòm sa a nan pake dokiman enskripsyón an paske si elèv la kalifye kòm yon moun ki abite nan yon lojman tanporè, elèv la pa p oblige soumett prèv adrès ak lòt dokiman obligatwa ki ta ka nan pake dokiman enskripsyón an. Distri a pa ka divilge okenn enfòmasyon sou kondisyon lojman elèv san konsantman paran.

Non ak enfòmasyon elèv la:

Siyati	Non	inisyal
--------	-----	---------

Nimewo OSIS	Dat nesans (mwa/jou/ane)	Lekòl
-------------	--------------------------	-------

Tanpri fè konnen kijan elèv la ap viv aktyèlman. **Tanpri tcheke yon kazyé:**

Tcheke (✓)	Chwa kesyonè sou lojman	(Se lekòl k ap itilize pati sa a) Kòd ATS
	Abite ak yon moun (Doubled-up) - Avèk yon lòt fanmi oswa yon lòt moun poutèt li pèdi kay li oswa poutèt li gen pwoblèm lajan	D
	Abri (Shelter) - Shelter pou ka ijans oswa shelter pou tranzisyon annatandan li jwenn yon kay pou abite	S
	Otèl/motèl - Ap viv yon kote ki PA yon shelter pou ka ijans ni shelter pou tranzisyon epi li peye pou sa	H.
	Lòt sitiayson lojman tanporè - Sou teren pou trelè, teren pou kan, nan machin, nan pak, sou plas publik, nan bilding abandone, nan lari, oswa nenpòt lòt kote moun pa ta sipoze ap viv	T
	Lojman pèmanan - Elèv ki abite nan yon kay fiks, regilye ak sitiayson lojman ki konvenab	P

Si elèv la PA abite nan yon lojman pèmanan, fè konnen tou si sitiayson pi ba yo konsène l:

Jèn k ap viv poukout yo	Jèn ki pa sou responsabilite yon paran oswa yon responsab sou plan fizik	(Pati sa a rezève pou moun nan lekòl la) Antre "Y" si li aplikab
-------------------------	--	--

Non paran/responsab (enprime)

Siyati paran/responsab

Dat

Tanpri voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a jan yo mande sa a.

Sonje: Repons ou bay pi wo a pral ede yo deside ki sèvis oumenm oswa pitit ou a ta kalifye pou resevwa daprè Lwa McKinney-Vento. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa a, gen dwa pou yo enskri yo imedyatman lekòl menmsi yo pa gen dokiman yo ta bezwen genyen nòmalman, tankou prèv sou kote yo abite, dosye lekòl, dosye vaksinasyon, oswa batistè. Apre elèv la fin enskri, nouvo lekòl la dwe kontakte lekòl elèv la te ye avan an pou mande dosye edikasyon l, ladan, dosye vaksen, ak lyezon pou elèv nan lojman tanporè (STH) la(yo) dwe ede elèv la jwenn tout lòt dokiman nesesè yo oswa dosye vaksen yo. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa McKinney-Vento ka gen dwa tou pou jwenn mwayer transpò gratis ak lòt sèvis. Tanpri li CR A-780.

Fòm sa a vini ak yon dokiman siplémentè yon paj ki gen tit: Lwa McKinney-Vento pou ede elèv sanzabri – Gid pou paran ak jèn sou elèv ki nan lojman tanporè”.